**दिन–सोमवार** **दिनांक–11.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार मे जारी मतदाता सूचिक गहन पुनरीक्षण अभियान के लऽ कऽ संसदक दुनू सदन में आई सेहो कार्यवाही बाधित रहल। सदन मे हल्लागुल्लाक बीच राष्ट्रीय खेल प्रशासन विधेयक आओर राष्ट्रीय डोपिंग रोधी संशोधन विधेयक पारित कयल गेल। संगहि लोकसभा काराधान विधेयक, दू हजार पच्चीस आओर आयकर संख्या दू विधेयक के सेहो पारित कऽ देलक। एक बाद लोकसभाक कार्यवाही काल्हि धरि लेल स्थगित कऽ देल गेल। एम्हर, राज्यसभा मे सेहो एसआईआर के लऽ कऽ विपक्षी सदस्यक हल्लागुल्लाक बीच सदनक कार्यवाही बाधित भेल।

---

एस.आई.आर मुद्दा के लऽकऽ विपक्षी दल आइ संसद सँ निर्वाचन आयोगक कार्यालय धरि विरोध मार्च निकलक। एहि बीच कांग्रेस नेता राहुल गांधी, प्रियंका गांधी आओर समाजवादी पार्टीक अखिलेश यादव सहित कतेको सांसद सभ के पुलिस हिरासत मे लऽ लेलक। विपक्षी सदस्य सभ बिहार मे भऽ रहल एस.आई.आर के वापिस लेब आओर चुनाव आयोगक काम–काज मे पारदर्शिताक मांग कऽ रहल छलाह।

---

भाजपा बिहार मे भऽ रहल एस.आई.आर पर सवाल उठेबाक लेल कांग्रेसक आलोचना कयलक अछि। आइ नव दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे पार्टीक वरिष्ठ नेता आओर कन्द्रीय मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान जनौलनि जे कांग्रेस सहित आनोआन विपक्षी दलक संवैधानिक संस्था मे कोनो आस्था नहि रहल अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा जनौलनि जे मतदाता सूची मे दू ठाम नाम रहला पर चुनाव आयोग सँ भेटल नोटिसक ओ जवाब देताह। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री सिन्हा जनौलनि जे ओ संवैधानिक संस्थाक सम्मान

करैत छथि। ओ जनौलनि जे बांकीपुर विधानसभा क्षेत्रक मतदाता सूची सँ अपन नाम हटेबाक लेल ओ पहिनेहि आवेदन दऽ चुकल छथि।

———————————————————

प्रदेशक कतेको सरकारी विद्यालय मे आठ हजार छओ सय बिरासी शिक्षकक पारस्परिक बदलि कयल गेल अछि। हुनका सभक विवरण ई–शिक्षा कोष पोर्टल पर अछि। राज्य मे अखन धरि तैईस हजार पांच सय अठहत्तरि शिक्षकक पारस्परिक बदलि कयल गेल अछि।

———————————————————

आइ शहादत दिवस अछि। वर्ष उन्नैस सय बियालीस मे अगस्त क्रांतिक बीच प्रदेशक सात विद्यार्थी सभ शहादत दऽ कऽ पटना सचिवालय पर तिरंगा लहरौने छलाह। ई सभ सात शहीदक याद मे आइ पटनाक शहीद स्मारक पर राजकीय समोरहक आयोजन कयल गेल। समारोह मे राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित आनो–आन गणमान्य लोक सभ छलाह। ओतहि, शहीद खुदीराम बोसक शहादतक याद मे आइ मुफ्फरपुरक केन्द्रीय कारा मे श्रद्धांजलि कार्यक्रम आयोजित कयल गेल।

———————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता सँ बरखा भऽ रहल अछि। पिछला चौबीस घंटाक बीच शिवहर मे सभ सँ बेसी एक सय बारह मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम विभाग काल्हि पूर्णियां, सुपौल अओर अररिया जिला मे किछु ठाम भारी बारिश के लऽकऽ चेतावनी जारी कयलक अछि। राज्यक आनो–आन भाग मे सेहो तेज हवाक संग बारिश भऽ सकैत अछि।

———————————————————

गंगा नदीक जलस्तर बढलाक कारण राज्यक आठ जिला मे बाढ़क स्थिति गंभीर भऽ गेल अछि। पंद्रह लाख सँ बेसीक आबादी बाढ़िक चपेट मे छथि। गंगा नदीक जलस्तर बढ़ला सँ बेगूसराय जिलाक आठ प्रखंड़ बाढ़िक चपेट मे आबि गेल अछि। जिलाक बेगूसराय सदर, बछबाड़ा, साहेबपुर कमाल, बलिया, तेघड़ा, मटिहानी, बरौनी आओर शाम्हो, अकहा–कुरहा प्रखंडक छत्तीस पंचायत बाढ़िक चपेट मे अछि। राहत आओर बचाव काज लेल एस.डी.आर. एफक टीम तैनात कयल गेल अछि। जिला प्रशासन दिस सँ पंद्रह सामुदायिक भनसाघर चलाओल जा रहल अछि। बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे एक सय छियानवे नावक परिचालन कयल

जा रहल अछि। संगहि बत्तीस चिकित्सकक टीमक तैनाती कयल गेल अछि। एम्हर, जिला प्रशासन एहि सभ क्षेत्रक एक सय सैंतीस विद्यालय के चौदह अगस्त धरि बंद कऽ देलक अछि। एम्हर, भागलपुर जिलाक सड़सठि पंचायत बाढ़िक चपेट मे अछि। हमर संवाददाताक अनुसार ढ़ाई लाख सँ बेसी लोक सभ बाढ़िक चपेट मे छथि।

———————————————————————

बेगूसरायक नावकोठी थाना मे पदस्थापित सबइंस्पेक्टर लीलावतीक घूस मांगैत वीडियो वायरल भेलाक बाद पुलिस अधीक्षक मनीष हुनका निलंबित कऽ देलनि अछि। वीडियो जांच लेल बनाओल गेल कमिटीक रिपोर्टक आधार पर ई कार्रवाई कयल गेल अछि।

———————————————————————

समस्तीपुर जिला बघौनी चौक आओर परसाक बीच एक छात्रा के गोली मारि कऽ हत्या  कऽ देल गेल। पुलिसक अनुसार मृतक छात्रा जाहि शिक्षक सँ पढ़ैत छलिह ओ शिक्षक हत्या कऽ देलनि अछि। घटना सँ आक्रोशित लोक सभ आरोपी शिक्षकक विद्यालय मे आगि लगा देलक।

राष्ट्रीय ध्वज के सम्मान देबाक लेल मधेपुरा जिला प्रशासन पंद्रह अगस्त स्वतंत्रता दिवसक मौका पर जिला मे प्लास्टिक सँ बनल झंडा पर प्रतिबंध लगा देलक अछि।

———————————————————————

समाप्त